**दिन–मंगलवार** **दिनांक–02.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ वीडियों कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ बिहार राज्य जीविका निधि साख सहकारी संघ लिमिटेडक शुभारंभ कयलनि। एहि पहल के मुख्य उद्देश्य ग्रामीण महिला लोकनिक मध्य उद्यमिता विकास के बढ़ायब आ समुदाय आधारित उद्यमक विकास मे तेजी आनब अछि। प्रधानमंत्री संस्थाक बैंक खाता में एक सय पांच करोड़ टाका सेहो हस्तांतरित कयलनि। श्री मोदी कहलनि जे भारतक विकास महिला लोकनिक सशक्तिकरण मे निहित अछि आ महिला लोकनि के सशक्त बनेबाक लेल ई आवश्यक अछि जे हुनक जीवन सँ सभ प्रकारक दिक्कत के कम कयल जा सकय। ओ कहलनि जे एहि योजनाक माध्यम सँ राज्यक ग्रामीण महिला उद्यमी लोकनि के आब सुगमता सँ धन प्राप्त होयत। श्री मोदी कहलनि जे जीविका निधिक डिजिटल हेबाक कारण महिला लोकनि आब ऑनलाइन सभ काज कऽ सकतीह। एहि अवसर पर पटना मे आयोजित कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा तथा ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार उपस्थित छलाह।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी महागठबंधनक भोटर अधिकार यात्रा के दरमियान सार्वजनिक मंच सँ अपन माँ के विषय मे अनुचित शब्दक उपयोग कयल जयबा पर विपक्षी दल सभक आलोचना कयलनि अछि। आइ एक कार्यक्रमक दरमियान श्री मोदी कहलनि जे कांग्रेस आ राजदक मंच सँ हुनक दिवंगत माँ के जाहि तरहें अपमानित कयल गेल ई अशोभनीय अछि। श्री मोदी कहलनि जे ई अपमान मात्र हुनक माँ के अपमान नहि अछि अपितु देशक माँ, बहिन आ बेटी के अपमान सेहो अछि। प्रधानमंत्री दुःख व्यक्त करैत कहलनि जे ओ एहि तरहक बयान सँ विशेष रूप सँ दुखी छथि।

---

भोटर अधिकार यात्राक क्रम मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के माँ के लेल अपशब्द उपयोग कयल जयबाक विरोध मे चारि सितम्बर के एनडीए बिहार बंद के घोषणा कयलक अछि। भाजपा प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत कहलनि जे एनडीए के महिला ईकाई बंद के नेतृत्व करतीह।

———————————————————————

प्रदेश कांग्रेस अध्यक्ष राजेश राम कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक माँ के लेल कयल गेल अभद्र टिप्पणी सर्वथा अनुचित अछि। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे ओ कहलनि जे कांग्रेस पार्टी गांधीक विचार धारा मे विश्वास राखैत अछि आ पार्टी शाब्दिक हिंसा के सेहो विरूद्ध अछि।

———————————————————————

राज्य सरकार होमगार्ड जवान सभक दैनिक भत्ता बढ़ा कऽ एक हजार एक सय एक्कैस टाका कऽ देलक अछि। पहिने हुनका सात सय चौहत्तरि टाका भेटैत छल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक भेल बैसक मे एहि आशय के प्रस्ताव के स्वीकृति देल गेल। बैसक के बाद कैबिनेट विभागक अपर मुख्य सचिव अरविंद कुमार चौधरी जनौलनि जे मंत्रिमंडल ग्राम कचहरी सचिव लोकनिक मानदेय मे सेहो वृद्धि करबाक प्रस्ताव के स्वीकृति प्रदान कयलक अछि। आब ग्राम कचहरी सचिव लोकनि के छओ हजार टाका के स्थान पर नओ हजार टाका प्रति मास मानदेय भेटत। कैबिनेट सचिव जनौलनि जे पंचायती राज विभाग संविदा पर कार्यरत तकनीकी सहायक आ आईटी सहायक के मानदेय मे सेहो वृद्धि कयल गेल अछि। श्री चौधरी जनौलनि जे मुख्यमंत्री महिला रोजगार योजनाक लेल चालू वित्तीय वर्ष मे बीस हजार करोड़ टाकाक मंजूरी प्रदान कयल गेल अछि। एक आन निर्णय मे कैबिनेट किशनगंज, कटिहार, रोहतास, शिवहर, लखीसराय, अरवल आ शेखपुरा जिला मे नव मेडिकल कॉलेज अस्पताल खोलबाक प्रस्ताव के मंजूरी प्रदान कयलक। एकर अलावे कैबिनेट फराक–फराक विभाग सभ मे तीन हजार दू सय नव पदक सृजनक प्रस्ताव के स्वीकृति प्रदान कयलक। कैबिनेट कुल उनचास एजेंडा पर स्वीकृति देलक अछि।

———————————————————————

शिक्षा विभाग शिक्षक नियुक्ति परीक्षा के चारिम चरण आ राज्य शिक्षक पात्रता परीक्षा एसटीईटी के कार्यक्रम के घोषणा कऽ देलक अछि। शिक्षा मंत्री सुनील कुमार आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत जनौलनि जे परीक्षाक आयोजन सोलह दिसम्बर सँ उन्नैस दिसम्बर के मध्य होयत। ओ जनौलनि जे आवेदनक प्रक्रिया सितम्बरे मास सँ शुरू भऽ जायत आ अगिला वर्ष बीस जनवरी सँ छब्बीस जनवरीक मध्य परीक्षाक परिणाम घोषित कऽ देल जायत। श्री कुमार कहलनि जे एहि चरणक अंतर्गत रिक्त पद सभक घोषणा सेहो शीघ्रहि कयल जायत। ओतहि, एसटीईटी परीक्षाक आयोजन चारि अक्टूबर सँ पच्चीस अक्टूबर धरि होयत। शिक्षा मंत्री जनौलनि जे शिक्षक लोकनिक स्थानांतरण के लेल एक बेर पुनः आवेदनक प्रक्रिया पांच सितम्बर सँ शुरू होयत।

———————————————————————

गंगा, सोन, गंडक, बूढी गंडक आ कोसी नदीक जलस्तर मे एक बेर पुनः वृद्धि देखल जा रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ भेटल जनतबक अनुसार गंगा नदीक जलस्तर पटना के दीघा घाट, गांधी घाट आ हाथीदह मे ओतहि भागलपुर आ कहलगांव मे सेहो नदी खतराक निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। गंडक नदी गोपालगंज के डुमरिया घाट आ बूढ़ी गंडक नदी खगड़िया मे खतराक निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। कोसी नदी के जलस्तर खगड़ियाक बलतारा आ कटिहार के कुर्सेल मे लाल निशान के पार कऽ गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल।